TATARAN

II

Rp 259.200

ANGGITANÉ

R. WIGNJADISASTRA

KARÉNGGA ING GAMBAR DÉNING
SAJOETI KARIM

TJAP-TJAPAN KAPING TELU

DIOWAHI LAN DIWUWUHI

DÉNING

SLAMET

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI
Tanggal :
Item ID : 1041385459
No. Induk : 20110010600807
BIB-ID : 0010-5242760
Beli/Hadiah :

KANTOR BIBLIOGRAFI NASIONAL
5/57
DJAKARTA
KEM. P.P. & K.

PRESENT EXEMPLAAR

Rp. 5,50

. WOLTERS -- DJAKARTA -- GRONINGEN

N NASIONAL RI
57

Isiné.

		Katja
1.	Bakal pinter	5
2.	Ija bungah ija susah	7
3.	Ajem banget	8
4.	Ndeleng bal-balan	10
5.	Toko mider	12
6.	Mbebajani	14
7.	Apa arep mèlu sekolah?	16
8.	Gègèr	17
9.	Ngedegaké omah	19
10.	Bakal ketemu mbahné	21
11.	Tutugé	23
12.	Adus menjang padusan	25
13.	Mulané adja nakal	27
14.	Timun-emas	29
15.	Botjah pinter	31
16.	Kuntjung wis pinter basa	33
17.	Katjilakan	35
18.	Montor mabur	36
19.	Wadjan wasijat	38
20.	Tutugé	39
21.	Kuntjung dadi tukang petèk	41
22.	Tjangkriman	43
23.	Ramé-ramé	44
24.	Nonton wajang	47
25.	Kuntjung lara weteng	48
26.	Kéwan tjilik, nanging kesité ora djamak	50
27.	Dajoh pirang-pirang	51
28.	Tutugé	53
29.	Kuntjung dipotrèt	56
30.	Akèh wong paḍa bungah-bungah lan dandan	58

1. Bakal pinter.

Ésuk-ésuk bapakné Kuntjung wis dandan. Kanḍa marang mbokné Kuntjung:

„Kuntjung apa wis dandan?"

„Onten napa ta kok dandan?"

„Prijé ta kowé kuwi. Iki rak wis bubar sasi Pasa ta. Sekolahan wis paḍa wiwit maném. Kuntjung rak arep dilebokaké sekolah ta."

„É, dadi dina niki lebuné si Kuntjung. Mati aku. Takarani rak isih lawas."

„Kowé mono mbokné, lalènmu ora djamak. Tudjuné aku kélingan. Anua rak ora karuwan.

Wis ta, Kuntjung konen dandan. Kaṭoké, klambiné sing resik. Konen sarapan ḍisik."

Kuntjung bandjur diundang mbokné.

„Gelis Tjung, dandana! Gèk bandjur sarapan. Kowé arep dilebokaké sekolah saiki."

Kuntjung bungah karo keplok-keplok:

„Horé, aku sekolah.

Aku bebedan apa kaṭokan waé, mbok?"

„Wis kaṭokan waé. Kaṭokmu sing anjar dienggo. Klambiné ja sing anjar."

Kebeneraan Kuntjung wis adus, nuli dandan.

Kuntjungé didjungkati, bandjur sarapan.

Kuntjung ngadjak bapakné: „Ajo pak, mangkat. La iki sabakku, nggoné nukokaké simbok. La iki gripku."

Pak Kuntjung karo anaké mangkat menjang sekolahan. Bawuk klaju. Nanging ora olèh mbokné.



Kuntjung mlaku ana ngarep karo ngempit sabak. Lakuné kesusu waé. Terkaḍang mlaju karo undang-undang bapakné.

„Ajo ta pak. Mengko selak kèri."

„Ora, ora. Iki isih ésuk. Ora-orané kèri. La kaé Satiman ija arep mlebu sekolah. Diteraké bapakné."

Kuntjung tjeluk-tjeluk: „Man, Man! Ajo bareng."

Si Kuntjung saja bungah. Akèh kantjané kang dilebokaké sekolah.

2. Ija bungah ija susah.

Sekolahané Kuntjung iku sekolahan ing désa Pédan. Sing ditampa botjah saka pirang-pirang désa. Kantjané Kuntjung sing tunggal désa, ana botjah rolas.

Kuntjung wis ditjaṭeti. Djenengé bapakné, désané, ija ditjaṭeti.

Botjah-botjah anjar, dikon nglumpuk ana pangkat sidji. Lungguh ana ing bangku djèdjèr-djèdjèr.



Guru tjelaṭu: „Botjah-botjah, kowé tak-undangi djenengmu. Mengko paḍa semaura ja. Botjah wédok mangsulana: kula. Jèn botjah lanang: nun."

Guru wiwit ngundangi djenengé botjah-botjah.

Djenengé Kuntjung ija diundang: „Sariman anaké pak Wangsa ing Pédan."

Bapakné Kuntjung kang mangsuli: „Punika larénipun."

Kuntjung mbandjur diawé pak guru.

Tjelatuné: „Mrénéa Man, ngadega ing kono awor kantja-kantjamu."

Bareng kabèh wis diundangi, botjah-botjah mbandjur diirid mlebu ing kelas.

Wong tuwané botjah-botjah anjar, bandjur pamit guruné, pada mulih.

Kuntjung dilinggihaké dédjér botjah lija désa.

Dadi durung wanuh. Mulané Kuntjung sedih banget.

Tingak-tinguk nggolèki kantjanè kang tunggal sadèsa.

Dumadakan weruh Samidja, linggih ana ing podjok.

Kuntjung matur marang guruné: „Pak guru, kula njuwun linggih djèdjèr Samidja kémawon."

„Ija kena. Nanging adja ngolah-ngalih menéh lo."

Pak guru demen ndeleng si Kuntjung. Botjah kendel, resikan, awaké waras.

3. Ajem banget.

Gombloh lagi ngirati pring, arep kanggo njulami krandjangé sing djebol.

Kuntjung ija mèlu njambut gawé. Gawé sada wilah kanggo étung.

Gombloh olèhé njambut gawè disambi tembangan, preluné ora kesel. Tembangé putjung, laguné ketoprak.

Bapak putjung,

Pasar Mlati kidul Ndenggung.

Kritjak lor negara.

Pasar gedé loring lodji.



Ménggok ngétan,
Kesasar nèng Gandamanan.
Gombloh nembang manèh. Tembangé midjil.
„Kali Pengging patjéngkoking puri,
Andjog ing kaḍaton,
Kali Pépé mangétan iliné."
Disenggaki Kuntjung: „Dja ngétjé wong ra duwé."
„Panggung Djèbrès mangongkang ing margi,
Patjinan lor lodji,
Ngglaḍag, ngalun-alun."
Kuntjung mèlu-mèlu nembang. Tembangé kinanṭi sanḍung.
„Midering rat angelangut,
Lelana ndjadjah nagari,
Mubeng tepining samodra,
Sumengka agraning wukir,

Anelasak wana wasa,

Tumuruning djurang trebis."

Gombloh tjelaṭu: „Jo, Tjung. Mengko soré ndeleng bal-balan."

Kuntjung takon: „Sing bal-balan sapa?"

„Anu. Hisbul-waton karo Sinarkota."

„Ajo."

Ing kuṭa kaonderan satjeḍaké désa Pédan, ana papan bal-balan.

Ing dina iku ana bal-balan geḍèn. Mesṭiné akèh wong sing paḍa nonton. Tur ora nganggo mbajar.

4. Ndeleng bal-balan.

Gombloh adjak-adjak si Kuntjung:

„Ajo, Tjung. Mangkat ndeleng."

„Ajo. Pupung si Bawuk lagi mèlu simbok. Mengko jèn weruh mesṭi klaju."

„Ija ajo. Ditililapaké waé."

Botjah loro bandjur paḍa mangkat.

Kapinudjon nalika samono ora udan. Tur sing arep bal-balan, kumpulan sing peng-pengan. Jaiku Hisbul-waton karo Sinarkota. Mulané wong sing nonton kaja diesokaké.

Ing panggonan bal-balan direngga-rengga gendéra. Wong dodolan ora kurang.

Gombloh karo Kuntjung begdja. Bisa olèh enggon kepénak.

Kuntjung takon: „Mbloh. Hisbul-waton sing klambiné putih apa sing lorèk?"

„Sing putih. Sing lorèk kaé Sinarkota."



Let saḍéla, sempritan muni. Bandjur wiwit bal-balan.

Aḍuh swarané wong surak. Nggegirisi banget. Kuntjung karo Gombloh ija mèlu surak. Saja ramé manèh jèn ana sing tiba.

Ora suwé Sinarkota klebon. Bleng. Wah, suraké wong nonton. Gombloh ora mèlu surak. Wong seneng karo Sinarkota, djebul klebon.

Kuntjung saka senengé nganti djogédan. Sing disenengi Hisbul-waton, bisa nglebokaké bal.

„Hisbul-waton djempol."

Gombloh mangsuli karo sadjak isin:

„Wah Kuntjung ngétjé. Ija titènana. Jèn Sinarkota bisa males, sida takbubut kuntjungmu tenan."

Ora let suwé, Hisbul-waton gentèn klebon.

Kuntjung sida dibubut kuntjungé. Bandjur sambat:

„Aṭo, aṭo. Adja seru-seru, Mbloh."

Ngarepaké djam nem, bubar. Wong-wong paḍa mulih. Gombloh karo Kuntjung ija mulih.

Ana ing dalan Kuntjung kanḍa marang Gombloh: „Hem, apik ja nggoné paḍa bal-balan. Tanḍing tenan. Ora ana sing kalah, ora ana sing menang."

„Ija, Tjung. Sing paḍa bal-balan, awaké rosa-rosa temen."

„He-eh. Aku bésuk jèn wis geḍé, ija arep mèlu bal-balan.
Awakku bèn rosa, bagas, waras."

5. Toko mider.

Sawisé ana bal-balan sing geḍèn, Kuntjung saja wuwuh senengé bal-balan. Nanging Kuntjung ora duwé bal. Sing dienggo bal: gombal, diuwel-uwel.

Kuntujng lagi kenékeran ana nglatar, ana odjogan ider mrono. Tur kebeneran dodol bal geḍé. Kuntjung énggal-énggal undang-undang embokné:

„Mbok, mbok. Ana odjogan dodol mréné. Mbok, aku tukokna bal."

Embokné lan Bawuk, bandjur paḍa marani bakul odjogan.

Bawuk ngelokaké dodolané: „Wé, ṭik dodol rupa-rupa. Benik, pengilon, bal, bonékah, montor-montoran."

Kuntjung mangsuli: „Pantjèn kok. Nganti kaja toko mider."



Sing dodol ngguju, tjelatuné: „Tukua ta, lé! Aboté ora djamak kok."

Bawuk nggèndèng-nggèndèng tangané embokné, karo nudingi bonékah. Tjelatuné:

„Mbok, aku tukokna bonékah kuwi."

Kuntjung njrengeni adiné: „Lawong wis duwé bonékah kok ndjaluk ditukokaké bonékah. Mengko disik ta Wuk. Simbok bèn nukokaké bal aku."

Kuntjung sida ditukokaké bal gedé, karo klambi kaos. Bawuk ditukokaké djepètan rambut. Sarinah ditukokaké djungkat. Botjah telu bungahé ora djamak.

Bareng odjogan wis lunga, Kuntjung ngadjak bal-balan mbakjuné: „Ajo ju, bal-balan."

„Gemang. Botjah wédok kok bal-balan. Golèka kantja lanang kana."

Bawuk diadjak bal-balan ija ora gelem.

Kuntjung bandjur ngundangi kantjané, diadjak bal-balan.

Kuntjung kodjur. Nggoné népang bal keseron. Bal mlebu ngomah, ngenani tjangkir. Krompjang. Tjangkiré petjah.

Mbokné Kuntjung nesu: „Tjung, bal-balan sing adoh kana. Sengitku, botjah dolanan bal-balan kuwi. Ngrusakaké gendèng. Metjah-metjahaké barang."

Kuntjung ndjupuk bal semu wedi. Nggoné bal-balan ngalih enggon. Ora tjedak omah.



6. Mbebajani.

Kuntjung karo kantja-kantjané metu saka sekolahan. Sadalan-dalan botjah mau sing dirembug nggoné nonton bal-balan. Ana manèh sing godjèg. Ana sing ojak-ojakan. Botjah wédok pada mlaku karo omong-omongan. Lagi

paḍa seneng-seneng mengkono, krungu wong alok-alok: „Asu édan, asu édan! Tjegaten, tjegaten. Gelis, gelis."

Kuntjung sakantjané paḍa bubar. Bjur. Ana sing nangis. Ana sing tiba. Akèh sing paḍa ndelik ana ngomahé wong.

Kuntjung mlaju nggendjrèt. Nanging ana wong ngélikaké: „É, é, adja réné. Balia, balia! Wis, mènèka wit kono. Ge-lo-is."

Kuntjung énggal-énggal nibakaké sabaké lan pirantiné sekolah. Bandjur mak tjlingkrik mènèk wit pinggir dalan. Meṭangkrong ana pang.



Ora suwé asuné édan liwat ana ngisor wit kono. Ah begdja banget, Kuntjung wis mènèk. Adjaa, ditjakot temenan.

Asu sing édan mau ilaté mèlèd-mèlèd. Buntuté ngawed. Plajuné mlipir turut pinggir.

Ora adoh saka wit sing dipènèki, asu mau ketjanḍak, dikala.

Kuntjung ora wani-wani muḍun. Wedi jèn asuné utjul.

Waniné muḍun, bareng asuné wis digawa lunga. Kuntjung ndjupuk sabaké, bandjur mulih.

Tekan ngomah Kuntjung kanḍa karo bapa bijungé. Ngandakaké ana asu édan. Wah olèhè kanḍa ngeṭuprus. Oléhé mènèk ditirokaké barang.

Bapakné mangsuli: „Ah tudjuné kowé bisa mènèk. Ora ditjakot. Anaké pak Naja ḍèk bijèn wis tau ditjakot asu édan. Bandjur ditambakaké menjang ḍokteran. Mariné nganti lawas."



7. Apa arep mèlu sekolah?

Kuntjung mbéda aḍiné: „Wuk, Wuk. Ana asu édan mréné. Mlajua!"

Bawuk mbengok: „Kang, adja nakal."

Kuntjung kagèt, krungu wong élik-élik: „Tjung, adja nakal."

Kuntjung nolèh, weruh bapakné nuntun wẹdus. Kuntjung mlajoni bapakné karo takon:

„Pak, kuwi wẹdusé sapa?"

„Wẹdusé ḍéwé. Mentas oléhku tuku."

„Apa arep dibelèh pak?"

„Ora. Arep tak-ingu. Ajo ditjantjang ana kanḍang kana."

Lawas-lawas wẹdus mau tutut. Ora susah ditjantjang. Diumbar baé.

Kuntjung pinudju sekolah, wẹdus mau diengon si Gombloh, tjẹḍak karo sekolahané si Kuntjung. Wẹdus mau mangani suket rana-rana. Suwé-suwé menjang sekolahan karo muni: „Mbèk. Mbèk." Malah bandjur mlebu kamaré si Kuntjung.

Botjah-botjah paḍa ngelokaké, ora mreduli piwulangé: „Wẹdus, wẹdus. Wẹdusé sapa kuwi?"

Malah ana botjah sing nirokaké: „Mbék. Mbék."

Guruné tjelaṭu:" E, é, wis ta, adja paḍa ramé-ramé. Linggiha manèh sing anteng. Kuwi rak wẹdus arep mèlu sekolah."

Wẹdus digusah, ora gelem lunga. Saja, bareng dikeploki botjah akèh, pidjer embak-embèk mubeng ana kamar.

Kuntjung weruh, jèn kuwi wẹdusé. Bandjur mbengok karo andjlog saka bangku: „É, wẹdus ki nèk nakal. Ana kok nusul wong sekolah."

Wẹdus mau ditjekel si Kuntjung, digawa metu. Tekan ing djaba weruh Gombloh. Ngentèni ana ngarep sekolahan. Arep mlebu ora wani. Wẹdus bandjur diwènèhaké marang si Gombloh.

Guruné takon: „Kuwi weḍusé sapa, Man?" „Ménda kula." „La kok bisa réné ḍéwé?" „Inggih dipun engèn pun Gombloh. Ladjeng mlebet mriki."

Guruné ngguju: „Sing ḍemen sekolah ora mung kowé. Wong weḍusmu ija ḍemen sekolah."

8. Gègèr.

Pinudju paḍang bulan botjah-botjah nggoné dolanan nganti wengi. Watara djam sepuluh bandjur paḍa turu. Durung suwé olèhé turu, paḍa tangi gragapan. Kebribènan swarané kenṭong titir. Bawuk nangis gonḍélan mboknné. Ing désa gègèr. Kuntjung saseduluré paḍa metu ing latar. Njawang ing kidul, katon abang mbranang. Ana kukus geḍé kumenḍeng. Saḍéla-saḍéla krungu djerité uwong.

„Tulung, tulung!"

„Omah kobong, omah kobong!"

Ṭor, ṭor. Ḍel.

Ṭong, ṭong, ṭong. Ṭong, ṭong, ṭong.

Mbokné Kuntjung mudji ndremimil: „Slamet, slamet."

Sarinah ṭjelaṭu: „Mesakaké temen. Gèk omahé sapa sing kobong kaé."

Ora suwé geniné sirep.

Bapakné Kuntjung wis mulih. Anak-anaké bandjur paḍa ngrubung. Kuntjung takon: „Pak, geniné kok gelis mati?"

Bapakné mangsuli: „Wong ing désa kéné kuwi rak rukun-rukun. Dadi ija gelis ketulungan."

„Lèhé matèni nganggo apa, pak?"

„Nganggo banju, lemah, debog. Wong sing tandang



akèh banget. Aku mèh waé ketiban gedèg sing kobong. Anua awakku rak mlonjoh."

Bodjoné takon: „Sing kobong omahé sinten?"

„Omahé pak Setra."

„Djalarané napa, ta?"

„Ija saka sembranané. Ndokok sentir sanding gedèg.

La njalad geḍèg. Bel. La wong omah geḍèg, pajoné atep. Wah ja gelis banget mubalé geni. Tjatjah wuwung entèk omah telu."

„La pak Setra mboten napa-napa?"

„Ora apa-apa. Saanak bodjoné slamet kabèh. Ja mung bingung omahé kobong. Barangé akéh sing rusak. Tjangkir, piring, petjah kabèh.

Wis, ajo paḍa mapan turu manèh. Sésuk munḍak kerinan."

Kuntjung lan Bawuk nganti suwé ora bisa turu-turu.

9. Ngedegaké omah.

Pak Setra isih kepéngin duwé omah. Mulané nitjil gawé balungan. Balungané dudu kaju djati, trima kaju taun. Dipilih sing tuwa.

Wis lumrah wong padésan iku, jèn ngedegaké omah paḍa sambatan. Kurang telung dina pak Setra wis akon olah-



olah sing wédok. Kanggo ngingoni wong sing disambat. Mbokné Kuntjung ija mèlu réwang.

Ésuk-ésuk wong-wong sambatan wis paḍa teka. Bandjur nata balungan. Jèn ana sing geḍé, nggoné ngunggahaké nganggo tembangan. Preluné bèn bisa bareng tur adja kesel.

„Ana ini, ajo hing.

Ana ini, ajo breng.

Ana ini, ajo hing.

Ana ini, ajo breng."

Saben muni hing karo breng, tiba satarikan bebarengan.

Bareng wis tekan ing ḍuwur, paḍa alok: „Wis, wis. Ati-ati."

Sing kebangeten raméné, bareng ngundjukaké empjak. Paḍa pating brengok. Nganti wong ora krungu swarané ḍéwé. Nanging kok ija bisa rampung.

„Ajo kang. Kang, kono dituwak."

„La kidul-kidul dituwo-ak."

„Mengko ḍisik, lèrèn-lèrèn."

Bandjur diwiwiti manèh. Kringeté nganti gemrobjos. Mengkono bola-bali bisa munggah.

Botjah tjilik-tjilik ija akèh. Nanging ora mèlu ngréwangi. Mung mèlu bengak-bengok, nirokaké pambengoké wong tuwa-tuwa.

Wong sambatan mau, jèn beḍug paḍa lèrèn mangan. Nggoné paḍa mangan kétoké énak. La ja wong sajah-sajah.

Kuntjung bubar mangan, nusul bapa bijungé. Nonton nggoné dandan-dandan pak Setra.

Limang dina, omahé pak Setra wis rampung. Wis kétok apik. Luwih betjik karo omahé sing ḍisik.



10. Bakal ketemu mbahné.

Pakné Kuntjung omong-omongan karo bodjoné. Sing diomongaké omahé pak Setra. Saiki apik tur sentosa.

Mbokné Kuntjung tjelaṭu: „Kula kok kélingan omahé bapak. Mesṭine nggih empun rampung olèhé njalini pager."

„O, uwis waé. Wong wis lawas. Anu mbokné. Aku nganti kaja ko-élingaké. Sésuk aku arep tilik bapak. Wis lawas aku ora tilik."

Mbokné Kuntjung durung nganti njauri, Kuntjung teka karo njela-njela: „Ija pak. Paḍa tilik simbah. Pupung aku libur."

Bawuk ija bandjur marani embokné karo mèlu-mèlu tjelaṭu: „Ija, aku mèlu. Nunggang montor apa bis?"

Mbokné njauri karo ngguju: „Wuk, Wuk, tjah aju. Ana bapakmu ko-ekon njéwa montor, rak ja kakéhan ḍuwit. Karo maněh saka Pédan menjang nggoné mbahmu, ora ana bis. Énaké paḍa mlaku waé."

Bawuk mangsuli: „Emoh, mbok, nèk mlaku, aku kesel."

Kuntjung njauri: „Wis mengko takgéndong."

„Gemang. Kowé nakal. Mengko kotibakaké."

Mbokné bungah banget diadjak tilik menjang omahé wong tuwané. Bapakné Kuntjung tjelaṭu: „Wis Wuk, saka kéné sésuk mlaku tekan dalan geḍé kana. Saka kana nunggang kréta."

Kuntjung bungah karo mangsuli: „Ija pak. Aku tak ana kusiran."

Bawuk mrengut karo tjelaṭu: „Aku waé sing ana kusiran. Kang Kuntjung ana kenèkan."

„O, pijé ta tjah iki. Kowé botjah wédok ana ing djero, djèdjèr simbok."

Kuntjung mlaku menjang pawon, nganḍani mbakjuné: „Ju, ju. Bapak karo simbok arep tilik simbah. Kowé mèlu apa ora?"

„O, mèlu waé. Emoh nèk aku dikon tunggu omah. Aku wis kangen simbah, kok."

Ésuké pakné Kuntjung saanak bodjoné wis dandan. Bandjur paḍa mangkat.

11. Tutugé.

Pakné Kuntjung njangking tas isi penganggo lan krandjang isi olèh-olèh. Bawuk nggawa bonékahé. Kuntjung nggawa bu-

kuné watjan. Arep pamèr karo mbahné, nggoné pinter matja.

Tekan ing dalan gedé golèk séwan kréta. Kuntjung ènggal-énggal arep munggah menjang kusiran. Naning bandjur ditjandak mbakjuné, karo disrengeni: „Ih, botjah iki, kok sembrana temen. Genah rétané isih mlaku, kok nrantjag munggah. Anua kowé rak keplindes."



Kuntjung sida linggih ana kusiran. Sadalan-dalan pidjer ngelokaké apa-apa kang dideleng. Karo linggihé pidjer nolah-nolèh nganḍani aḍiné. Tangané tudang-tuding karo bengak-bengok.

Mbokné srengen: „Tjung, Tjung, linggiha sing anteng. Mengko jèn tiba lo. Botjah kok sembrana temen."

Kusiré ḍemen banget njambuki djarané. Ṭor, ṭèr. Ṭor, ṭèr. Kuntjung batiné mesakaké. Wong djaran kok pidjer disabeti. Arep élik-élik wedi. Tudjuné bapakné tjelaṭu: „Kang, djarané mbok nggih ampun dipetjuti ngoten. Mesakaké. Kadjengé alon-alon waton tekan."

Kusiré ija bandjur manut. Jèn njambuk ora dikenakaké djarané, nanging mung ana ing sanḍingé waé.

Bawuk botjah wedèn. Angger rétané kepapag montor, mripaté ditutupi. Kuwatir jèn ketumbuk. Suwé-suwé désané embahné wis kétok. Sarinah alok-alok: „Kaé, lo Tjung. Désa kaé, omahé simbah."

„Endi ta ju?"

„Kaé, sing kétok witè ringin."

Kuntjung karo Bawuk wis bungah, selak arep pamèr menjang embahné.

Bareng wis tekan, krétané dienḍegaké. Greg. Pak Kuntjung saanak bodjoné paḍa muḍun.

Sarinah, Kuntjung, Bawuk ora sranta, mlaju menjang ing buri, nggolèki embahné.

Embahné wédok lagi nutu. Embahné lanang lagi gawé upet.

Embahné wédok weruh putu-putuné teka, bungahé ora karuan. Nggoné nutu ditinggal. Njikep-njikep putuné gentèn-gentèn. Bawuk dikudang.

Embahné lanang wédok ora bisa guneman karo anaké. Pidjer dipaméri si Kuntjung, olèhé sekolah. Bawuk pamèr olèhé duwé bonékah.

12. Adus menjang padusan.

Ing wajah soré, bapakné Kuntjung ngadjak anak-anaké adus menjang padusan.

Tjeḍak omahé embahné Kuntjung, ana padusan. Banjuné bening. Jèn dina Minggu utawa dina liburan, kono ramé banget. Akèh wong paḍa teka adus. Ana sing nunggang kréta, montor, pit.

Sarinah nggawa salin. Kuntjung nggawa sabun.

Ora let suwé, Kuntjung weruh omah dipageri bata mu beng. Takon marang bapakné:

„Pak, kaé omahé sapa ta?"

„La ja kaé padusané."

„Ajo ta pak gelis. Gèk ndang paḍa adus."

Bareng wis tjeḍak, Kuntjung karo Bawuk mlaju arep mlebu menjang ing omah padusan.

Bapakné bengok-bengok: „É, é, mengko ḍisik. Kuwi nganggo mbajar."

Bapakné Kuntjung tuku kartjis, nuli paḍa mlebu.

Bapakné tjelaṭu: „Tjung, padusan kuwi diséwakaké. Jèn arep adus kudu mbajar."

Kuntjung mangsuli: „Wong adus waé kok nganggo mbajar."

„Mesṭi waé nganggo mbajar, wong ḍuwité dienggo ngragadi gawé omah. Dienggo mblandja manḍor."

Tekan ing djeron padusan, Kuntjung takon bapakné: „Blabag kaé kanggo apa?"

„Kaé dienggo ambjur. La sing ḍuwur ija dienggo ambjur. La kamar-kamar kuwi kanggo tjutjul sanḍangan karo



BIBLIOGRAFI NASIONAL
ARTA
P. & K.

dandan. La balok kumambang kaé, kanggo gondélan jèn nglangi.

Ing sisih kéné iki kanggo adus botjah-botjah.

Banjuné ora djero. Wis gèk pada tjutjul ana ing kamar tjilik kono.

Aku tak-nemoni mandoré. Kowé arep tak-séwakaké sandangan kanggo adus."

Bawuk tjelatu: „Pak, aku ora adus waé. Aku wedi, la wong ora bisa nglangi."

„Ora apa-apa kok, Wuk. Mengko kowé tak-séwakaké plendungan karet."

Kuntjung takon: „Endi pak sing dienggo ambjur?"

„La saka pinggir kono kuwi rak kena."

Sawusé rampung olèhé pada adus, bandjur pada mulih.

13. Mulané adja nakal.

Kuntjung ana enggoné embahné, duwé kewanuhan. Djenengé Darma. Umur-umuraně ija pantaran karo Kuntjung. Nanging nakalé ora djamak. Gawéné pénékan ,nggontjèng grobag, nggontjèng kréta.

Kakangné Darma duwé pit.

Darma kepéngin banget arep adjar nunggang pit, nanging ora éntuk bapakné, sebab pité isih keduwuren.

Ing wajah ésuk, pinudju dina libur, kakangné Darma diadjak bapakné menjang pasar arep golèk kuntji pit.

Bareng bapakné lan kakangné wis mangkat, Darma bandjur undang-undang Kuntjung:

„Tjung, Tjung. Ajo adjar nunggang pit."

Kuntjung mlajoni Darma karo takon: „Wah pitmu kok apik, Ma!"

„Ija. Nanging iki dudu pitku, pité kakangku. Ajo adjar nunggang, Tjung."

„Gemang. Wong dudu pité kok dienggo adjar. Jèn rusak ndak disrengeni."

„Ah ora. Aku sing nunggang, kowé sing njurung. Wong aku wis rada bisa."



„Ija jén mung njurung waé."

„Wis Tjung, aku tak nunggang. Tjekelana ḍisik."

Darma sida nunggang. Nanging sikilé tjupet.

Darma akon Kuntjung: „Wis Tjung, surungen saka ing buri. Rikat, ora usah kuwatir. Wis tjulna!"

Pit disurung, bandjur ditjulaké. Lakuné pit isih ngula nglangi. Durung bisa djedjeg. Darma nggoné nunggang isih mégal-mégol. Lakuné pit banter tur ora karuwan eneré. Darma durung bisa ngendegaké. Dadi bandjur natab wit asem. Brus. Grobjak.

Aduh memelas. Darma batuké ketatab wit asem. Getihen lan bendjut. Ḍengkulé mlètjèt getihen. Pité roḍané ngarep béngkong, nganti kaja angka wolu.

Darma nangis djerit-djerit.

Kuntjung undang-undang bapakné. Darma digéndong bapakné Kuntjung, diulihaké.

Bareng bapakné mulih, Darma disrengeni akéh-akéh. Kakangné Darma nesu banget, pité dirusakaké adiné.

Kuntjung dituturi bapakné: „Tjung. La kaé tambané botjah nakal.

Wong wis dipenging adjar pit, kok meksa ora nggugu.

Kuntjung mangsuli: „Tudjuné aku ora mélu-mélu nunggang, pak."

14. Timun-emas.

Kuntjung karo Bawuk pada dikeloni embahné wédok ana ngambèn. Rasanan, jèn ésuké arep pada mulih. Awit bapakné Kuntjung arep nglebokaké sekolah Bawuk.

Botjah loro nggudjeg embahné. Ndjaluk didongéngaké sing apik. Embahné saguh: „Ija ta. Takdongèngaké, Timun-emas ja."

Embahné bandjur ndongéng:

„Mbok randa Dadapan duwé anak wédok. Djenengé Timun-emas. Wis suwé kaki buta Irungdawa kepéngin mangan Timun-emas. Tudjuné Timun-emas pinter ndelik lan rikat plajuné. Dadi ora bisa ketjandak.

Timun-emas kena diapusi ki Irungdawa. Diwènèhi golèk kentjana.

Timun-emas seneng ngléla-léla golèké kentjana, karo dilagokaké:

„Léla-léla, léla lédung.



Angemban golèk kentjana.

Mban-embané tjinḍé dawa.

Lan pajungé moṭa sutra."

Kuntjung karo Bawuk paḍa ngguju. Embahné kok pinter nembang.

Embahné nerusaké dongèngé:

„Timun-emas kelimpé. Kena ditubruk ki Irungdawa. Arep dipangan.

Tjelaṭuné Timun-emas: „Aku gelem kopangan, kaki. Nanging aku pènèkna pelem ḍisik."

Irungdawa mènèk pelem. Ana ing ḍuwur Irungdawa nari Timun-emas. Tjelaṭuné: „Hihi, maheng. Timung-hemah?"

Irungdawa iku gunemané binḍeng. Wong irungé kegeḍèn nganti nutupi bolongané irung.

Kuntjung njelani: „Apa kaja irungé buta Térong kaé, mbah?"

„Ajaké ija."

Dongèngé diterusaké:

„Irungdawa milih pelem bola-bali terus ora kebeneran. Timun-emas énak-énak ngléla-léla golèké waé, karo nuduhaké pelem mateng. Ana puntjit tur awor karo susuh semut ngangrang.

Irungdawa meṭil pelem. Rainé kebjukan semut ngangrang. Irungé ditjokoti. Dadi bingung dirubung semut. Ora mikir marang Timus-emas.

Timun-emas bandjur mlaju nḍelik. Dadi slamet ora sida dipangan Irungdawa.

Wis ta, paḍa turua. Sésuk munḍak karipan."

Ésuké bapakné Kuntjung saanak bodjoné paḍa mulih.

15. Botjah pinter.

Kuntjung olèhé sekolah terus munggah. Pantjèn botjah gaṭékan, tur sregep.

Saiki si Kuntjung munggah pangkat telu.

Si Bawuk sida disekolahaké amor kakangné. Manggon ana ing pangkat sidji.

Bawuk durung bisa nulis. Bisané lagi nulis tjorèk-tjorèkan.

Bawuk dikèki guruné kreḍus pesagi tjilik-tjilik.

Ana gambaré asu, djiḍaran nganggo élon, iwak, omah, ula lan elar manuk.

Ngisoré gambar-gambar iku ana tulisané: „a-su, é-lon, i-wak, o-mah, u-la lan, e-lar."

Kreḍus mau diwaḍahi ana ing ḍus tjilik.

Bawuk pantjén pinter. Sawetara dina waé wis bisa nitèni aksara a, é, i, o, u, lan e.

Jèn Kuntjung mono saiki wis baud. Bisa nulis lan étung. Menjanji lan nembang ija pinter.

Bapakné lan mbokné Kuntjung lagi paḍa lungguhan. Bawuk sinau nulis karo nggambar ana satjeḍaké kono.

Kuntjung karo Sarinah ndeleng aḍiné, olèhé sinau.

Kuntjung tjelaṭu: „Aku ḍèk pangkat sidji, ija diwulang matja nganggo kreḍus. Kowé apa wis pinter, Wuk?"

„Uwis kang."



„Hara, ndeleng ḍusmu kuwi."

Dus diwènèhaké kakangné.

Kuntjung nulis ana ing sabak.

„Iki aksara apa?"

„Kuwi a."

„Bener. Tjoba, saiki kowé apa bisa nitèni tulisan-tulisan sing ana ing ngisoré gambar-gambar iki."

Kuntjung nulis manèh, neḍak tulisan kang ana ing ngisoré gambar iwak.

„Iki uninė pijė?"

„Iwak. Ta bener apa ora?"

Mbokné Bawuk bungah banget, tjelaṭuné: „Aḍuh anak-ku sing aju. Sing manis. Saiki wis pinter matja."

Bawuk mèlèd, karo nuduhaké gambarané:

„Iki lo mbok. Gambar gendéra."

Kuntjung takon manèh: „Hara Wuk, wong lima mripaté pira?"

Wé la Bawuk djuḍeg. Sing dingretèni lagi ngétung: sidji, loro, telu .... tekan sepuluh.

Begdja si Bawuk. Nalika kuwi sing lungguh ana kono wong lima. Bawuk bandjur ngétung mripaté ḍéwé. Karo ngétung mripaté kakangné barang. Nggoné ngétung karo nudingi: „Sidji, loro, telu, papat, lima, nenem, pitu, wolu, sanga, sepuluh.

Sepuluh ,kang .Bener apa ora?"

Ger. Bapa bijungé, karo seduluré paḍa ngguju.

16. Kuntjung wis pinter basa.

Bapakné Kuntjung dandan-dandan pager.

Gombloh lan kuntjung ngréwangi. Dumadakan ana wong aruh-aruh: „Saweg napa niku, pak Wangsa?"

„É, pak Setèn. Punika ta, ndandosi pager. Baḍé tindak pundi?"

„Adjeng teng nggèné gebajané. Djaréné lara."

„Inggih. Wingi Kuntjung kula kèngkèn nuwèni, tjriosipun sakit bentèr."



„Lo, niku rak si Kuntjung sing bijèn sampéjan adjak teng setènan nika ta?"

„Inggih."

„Kowé kok wis gedé, Tjung. Kowé apa wis sekolah?"

Kuntjung matur: „Sampun. Kula sekolah wonten ing Pédan ngriki. Pangkat tiga."

„É, mulané ta kowé wis pinter basa. La kuwi sapa?"

„Punika pangènipun bapak."

„Djenengmu sapa lé?"

„Nama kula Gombloh."

„Nggonmu dadi pangon apa wis lawas?"

„Empun. Nggih empun onten nèk mung limang taun mawon!"

Kuntjung ndjawil Gombloh karo bisik-bisik: „Mbloh.

Rak ja basa sing apik. Wong matur karo pak Setén djaré."

Gombloh meneng baé. Pantjèn ora bisa basa.

Bareng pak Setèn wis tindak, bapakné Kuntjung tjelaṭu: „Tjung. Ja kuwi bédané wong sekolah karo ora.

Gombloh ora tau sekolah, mulané basa waé ora bisa.

Wis ajo, pring kaé ulungna. Pageré karebén énggal rampung. Aku selak arep tilik wakmu Truna."

17. Katjilakan.

Pakné Kuntjung sida menjang omahé pak Truna. Ulihé, pakné Kuntjung kanḍa marang bodjoné: „Anu mbokné. Aku mau weruh motor nundjang wong."

Kuntjung krungu kanḍané bapakné njela-njela takon: „Ana ngendi pak?"

„Ana dalan geḍé kana. Sanḍing warungé bijang Mijem."



Bodjoné takon: „Pripun ta kok nganti ketundjang?"

„O, ngéné. Aku lagi omong-omong ana ngarepan, weruh mbok Tomblok arep menjang warung. Mbok Tomblok saka kidul, montoré saka lor.

Mbok Tomblok lakuné ana sisih tengen, tur rada tengah. Sopir kagèt. Ana sapi mlaku saka kiwa nugel dalan. Montor ditengahaké."

Sarinah krungu kandané bapakné, tjeblèk-tjeblèk pupu karo tjelatu: „Aduh, bijang Tomblok rak keplinndes ngono."

Bapakné mangsuli: „Orà, wong montoré diendegaké. Mbok Tomblok énggal-énggal minggir. Nanging ija meksa kesrèmpèt. Bandjur ditulungi wong-wong."

Kuntjung takon: „Mbok Tomblok tatu apa ora?"

„O, tatu. Sikilé, tangané getihen. Mau digawa menjang dokteran.

Mulané kowé jén pada mlaku sing ngati-ati. Metu pinggir kiwa. Wong montor kuwi ora kena disanak."

Bawuk tjelatu: „Anu pak. Pitiké Mijem, djaré ija mati ketundjang montor. Tudjuné pitikku ora."

Kuntjung mbéda adiné: „Ija. Nanging pitikmu arep takundangaké wulung. Bèn dipangan."

Bawuk mrengut: „Wulungé ora wani mangan pitikku. Wedi jèn takpentung."

18. Montor mabur.

Ana ing sekolahan, ing wajah ngaso, Kuntjung karo kantja-kantjané lagi pada dolanan obrog.

Bandjur ana swara: ngang, nga..ng. Tanpa kendat.

Kantjané Kuntjung ana sing alok: „Montor mabur, montor mabur."

Botjah lijané njambungi: „MBokmenawa arep njebar koran kaja ḍèk anu kaé."

Botjah-botjah dadi ramé. Anggoné paḍa dolanan ditinggal. Kabèh paḍa ngingetaké menḍuwur karo awé-awé. Ngang. ngang, ngang, nga..ng.

Montor mabur mau aburé tjenḍèk. Botjah-botjah paḍa mbengok: „Montor mabur, ndjaluk koranè."

Ora antara suwé lontjèng mlebu diunèkaké.



Botjah-botjah paḍa mlaju menjang kelasé ḍéwé-ḍéwé karo ndjepaplang lan muni ngang, ngang, ngang. Pak guru tjelaṭu: „Wis, ajo mlebu. Montor maburé wis adoh. Wis ora katon. Mengko tak- adjari gawé montor mabur."

Botjah-botjah mbandjur mlebu. Linggih ana ing panggonané ḍéwé-ḍéwé.

Kuntjung botjah kendel tur gaṭèkan. Takon marang guruné:

„Kados pundi ta, montor mabur punika sagedipun mabur?"

„Ja ana pirantiné. Montor maburé kaja apa, Man?"

„Kados kindjeng."

„Ija."

„Punapa mboten saged ḍawah, pak guru?"

„Ah ja ora. Wis diati-ati. Wis botjah-botjah, paḍa nginngetna mréné, tak - adjari gawé montor mabur."

Pak guru ndjupuk dluwang. MBandjur ditekuk-tekuk dadi manuk-manukan. Bareng wis diwènèhi buntutan, mbandjur ditjlorotaké. Ija bisa mabur, mubeng-mubeng kaping pinḍo ana ing djero kelas.

Botjah-botjah paḍa seneng.

19. Wadjan wasijat.



Dina Setu awan guruné Kuntjung tjelaṭu:

„Botjah-botjah, aku bungah banget, déné nggonmu matja wis paḍa apik. Pratanḍa jèn kowé pantjèn paḍa sinau temenan. Mula saiki tak-dongèngaké.

Mengkéné tjritané: „Ing désa Kemuning ana ranḍa mlarat banget. Ranḍa mau duwé anak wadon sidji, aranè

Laksmini. Laksmini iku seneng tetulung. Gawéné ngréwangi bijungé golèk kaju ana ing alas. Kaju iku diedol.

Sanadjan pemetuné ora njukupi dienggo mangan, mbok randa mau ora gelem djedjaluk.

Kuru-kuru dilakoni, anggeré ora ngrusuhi wong lija.

Ing sawidjining dina mbok randa lara.

Arep tuku tamba ora ana sing dienggo tuku.

Malah tuku pangan waé ora bisa.

Wis ana rong dina mbok randa karo anaké ora kelebon apa-apa.

Laksmini tjelatu: „MBok, aku tak menjang alas golèk kaju, ja?"

„Adja, nok. Kowé isih tjilik. Mengko jèn ana apa-apa gèk keprijé."

„Ora, mbok. Kowé adja wedi."

„Ja wis mangkata, nanging sing ngati-ati, ja."

Durung nganti tekan alas, Laksmini weruh nini-nini nggawa gori.

Lakuné glujar-glujur, sadjak kabotan gawan.

Laksmini marani, tjelatuné: „MBok, jèn kepareng mbok nggih goriné kula bektakaké."

„Apa kuwat kowé, nok?"

„Tjobi, kinten kula kuwawi."

Nini-nini mau mbandjur diteraké mulih. Omahé ana ing pinggir alas. Bareng wis tekan, nini-nini mau tjelatu: „Nggèr, banget panarimaku ja. Kowé kuwi pantjèn botjah kang ambeg welasan. Demen tetulung marang lijan. Mula arep tak wènèhi gandjaran.

Tjoba, entènana disik."

20. Tutugé.

Nini-nini bandjur mlebu ngomah, ndjupuk wadjan.

„Nok, iki lo. Aku mung duwé wadjan. Enjoh pèken."

„MBok sampun ta mbah. Lan malih wadjan adjeng kula anggé napa? Tumbas lisah mawon mboten saged."

„É, rungokna ḍisik. Iki wadjan wasijat. Kowé kepéngin



mangan apa waé meṣṭi katurutan. Tjoba, saiki kowé arep mangan apa?"

Laksmini ndjaluk sega salawuhé.

Nini-nini mau bandjur tjelaṭu: „Wadjan wasijat, aku ndjaluk sega guḍeg nganggo enḍog."

Sanalika pandjaluké katekan. Wadjan mau kebak sega guḍeg arèh. Enḍogé pating glunḍung ana papat.

Laksmini nuli dikon mangan. Bareng wis wareg, pamit mulih. Wadjané digawa. Atiné bungah banget. Lakuné rerikatan, selak arep mamèraké wadjané marang mbokné. Satekané ngomah terus marani mbokné karo tjelatu: „MBok, mbok. Si-mbok kepéngin mangan apa? Kanḍaa waé, mesṭi kelakon."

MBokné durung nganti mangsuli, Laksmini wis nembung marang wadjané: „Wadjan-wasijat, aku ndjaluk sega opor."

Paḍa sanalika wadjan mau isi panganan. Segané putih tur isih kumebul. Lawuhé opor ajam, dagingé empuk banget. MBok ranḍa ngungun, déné ana wadjan bisa didjaluki panganan. Bareng wis ditjaritani anaké mula bukané olèh wadjan wasijat mau, mbok ranḍa bungahé ora karuwan. Larané sanalika waras. Anggoné mangan sega opor krasa énak banget.

Saḍéla waé wis sumebar kabaré ing sadésa, jèn Laksmini duwé wadjan-wasijat. Tangga-tanggané paḍa teka mertakaké. Suguhané tanpa manḍeg. Apa sing dikepéngini wong-wong mau bisa katurutan kabèh. Ana sing ndjaluk bakmi. Ana manèh sing ndjaluk gaḍo-gaḍo, tahu kupat, soto, pinḍang bèbèk. Kabèh kelakon. Ora ana entèké jèn ditjeritakaké kabèh. Wiwit dina iku mbok ranḍa saanaké uripé kepénak.

Déné ing désa kono ora ana manèh wong sing kaliren. Sapa waé wong sing kaluwén teka ing omahé Laksmini, mesṭi ditulung. Diwènèhi mangan sawaregé. Mula wong sadésa ja paḍa asih lan tresna marang mbok ranḍa Kemuning lan Laksmini."

21. Kuntjung dadi tukang pętèk.

Mulih sekolah Kuntjung kanḍa karo Gombloh: „Mbloh, aku arep dadi tukang pętèk. Iki ana baṭok telu ja. La iki krikil sidji. Baṭok telu iki takkurebaké. Takdjèdjèr. Krikilé iki bèn dilebokaké botjah-botjah, ana ing baṭok.

Mengko jèn dilebokaké sing kiwa ḍéwé, kowé munia: Wis. Jèn dilebokaké sing tengah, kowé munia: Uwis. La



jèn ana tengen, kowé munia: Uwis Tjung. Rak wis ngreti ta, Mbloh, kowé?"

Gombloh mangsuli karo ngguju: „Wis ngreti banget."

Kuntjung bandjur ngundang kantjané, jakuwi: Samidja, Satiman, Darman, Tarma lan isih ana manèh lijané.

Kuntjung tjelaṭu: „Wis botjah-botjah, krikil iki lebokna ana baṭok kéné salah sidji. Aku mesṭi bisa mętèk. Adja kolebokaké ḍisik jèn aku durung lunga. Mengko jèn wis kolebokaké, aku bèn diundang si Gombloh."

Samidja tjelaṭu: „Bagus Tjung. Nggonmu umuk kuwi. Wis, lungaa."

Kuntjung lunga. Krikil dilebokaké ana baṭok sing tengen.

Gombloh bandjur ngundang Kuntjung:

„Uwis Tjung."

Kuntjung teka. Ėṭok-ėṭok nganggo umak-umik. Meremmerem sadjak tukang sulap. Bandjur tjelaṭu: „Krikilé mesṭi ana ing baṭok iki."

Nggoné tjelaṭu Kuntjung kuwi karo ngungkabi baṭok mau. Temenan, krikilé ana kono.

Botjah-botjah paḍa surak. Mung Samidja ndomblong karo tjelaṭu: „Lo ṭik bisa ta?"

Kuntjung ditjoba bola-bali, pidjer bisa mbeḍèk.

Gentèn Tarma sing njoba. Arep genti dadi tukang peṭèk. Nanging ora bisa. . Digeguju botjah akèh.

Gombloh tjelaṭu: „Wis bubar. Aku arep angon. Aku duwé tjangkriman. Jèn wis nganggur, kowé takbeḍèki, Tjung."

Akalé Kuntjung iku, nggoné muruki guruné.

22. Tjangkriman.

Kuntjung pantjèn botjah sing ajeman. Jèn wis bubar mangan lan sinau, bandjur dolanan. Terkaḍang ura-ura. Maṭuk banget karo si Gombloh. Senengané ija rengeng-rengeng.

Ing wajah bengi, Gombloh pinudju nganggur. Nanging durung arep turu. Bandjur njangkrimi Kuntjung. Tjangkrimané ditembangaké durma:

„Paman-paman, apa wartané ing dalan?"



„Ndalan akèh wong mati.
Dipun kaniaja.
Tigas pineḍang ligan.
Ing djadja terus ing gigir.
Akari raga.
Badan kari ngalinting."

„Wis Tjung, beḍèken."

„Wah, angèl, Mbloh. Apa ta beḍèkané? Mengko ḍisik, tak pikiré. Ing dalan akèh wong mati. Djalaran disusuk ḍaḍané nganggo peḍang ligan. Tatuné tekan ing gigir. Awaké nglinting ana lemah.

„É, ija, wis weruh aku, Mbloh."

„Hara apa?"

„Tèh."

„Luput. Pijé ta kok tèh?"

„La tèh kaé jèn wis didjupuk isiné, dluwangé rak dibuwang."

„Ija. Nanging rak ora nganggo disuduk. Wong kuwi disuduk peḍang ligan."

„O, ija. Wis weruh aku. Kupat. Kupat. Ajo, bener ora."

„É, la, pinter kowé kuwi, Tjung. Ana tjangkriman angèl kok bisa mbeḍèk. Saiki manèh, tembangé potjung."

„Wah, pantjèn ḍemen ura-ura kowé kuwi."

„Nèk ura-ura waé aku djempol. Wis ja Tjung, rungokna. Mengko beḍèken."

„Sigra mabur, ing ngawijat njamut-njamut.
Eram kang tumingal.
Wis rupamu kaja andjing.
Patih Ḍajak bisa ngambah djumantara."

Kuntjung mbeḍèk karo ngguju: „Kuwi kalong."

„Wis Tjung, kalah. Ajo ah, paḍa mapan turu. Wong sésuk arep ana keraméan. Mengko munḍak karipan."

23. Ramé-ramé.

Wis dadi tjarané padésan, saben taun bubar panèn, sok ramé-ramé. Mungguha botjah sekolah ramé-ramé tutup taun.

Nggoné ramé-ramé ana kelurahan. Ragadé urunané wong sadésa. Wah, ja ramé banget.

Omahé lurahé pakné Kuntjung asri banget, direnggarengga buntal, djanur kuning, lampu-lampu. Apa kelurahan arep mantu? Ora. Arep ramé-ramé bresih désa. Desané bèn slamet. Lan bungah-bungah, nggoné panèn bisa metu akèh.

Sekolahané Kuntjung ditutup. Libur rong dina. Mulané Kuntjung bungahé ora djamak.

Mbokné Kuntjung ija réwang. Malah dadi panggeḍéné wong olah-olah. Sarinah karo Bawuk mèlu mbokné ana kelurahan. Bapakné Kuntjung, ija mèlu ribut. Tata-tata ana penḍapa kelurahan.

Ing dinané bresih désa, penḍapa kelurahan digelari klasa. Ditatani ambengan. Pirang-pirang antjak isi sega salawuhé. Ambengan mau bandjur dikepung wong akèh. Botjah-botjah ija ana sing mèlu ngepung ambengan. Bandjur kenḍurèn.

Kuntjung sakantjané pantjén nakal. Ana sing sawat-sawatan ḍelé. Kuntjung ija disawat kantjané, nganggo iwak

terik. Kena irungé. Mulané panggonané botjah, pidjer ramé baé. Bapakné Kuntjung élik-élik: „É, é. Wis paḍa mangan sing alon. Adja godjèg. Mengko keselak."



Bareng wis bubar kendurèn, bandjur pada mulih. Brekaté pada digawa. Kuntjung nggawa brekaté bapakné. Tekan ngomah diwènèhaké Gombloh.

Gombloh bungah banget, olèh brekat.

Soréné ing kelurahan wis ditata manèh. Arep kanggo wajangan. Gamelané barang ija wis disedijakaké.

Saja bengi ing kelurahan saja asri. Saka kèhé dijan, padangé kaja awan. Ing plataran kebak wong dodolan. Lan kebak botjah-botjah sing pada arep nonton wajang. Kuntjung ija wis dandan. Wong Kuntjung arep nonton wajang.

24. Nonton wajang.

Djam wolu bengi, wajangé wis talu. Ing kelurahan saja wuwuh raméné. Botjah-botjah suk-sukan golèk panggonan tjedak kotak.

Dalangé nganggo dalang désa kono. Wis misuwur lutjuné. Nganti kerep ditanggap menjang lija désa.

Kuntjung takon karo kantjané: „Mengko lakoné apa, Man?"

„Embuh ja. Takkira Pétruk dadi ratu."

Kantjané Kuntjung sing djeneng Darma njentak: „Pijé ta kowé kuwi. Ana bresih désa djaré, lakoné Pétruk dadi ratu. Tjoba mengko lakoné rak Bratajuda."

Rupa-rupa nggoné mbedèk lakoné. Ana sing mbedèk lakon: Parta-krama. Ana manèh sing ngarani: Kangsa adu-adu.

Bapakné Kuntjung njelani gunemé botjah-botjah mau: „Wis luput kabèh. Mengko lakoné Sri-Sedana. Jaiku Dèwi



Sri karo Radèn Sedana lelana menjang ing désa, ngedum redjeki. Diparingaké marang wong désa-désa. Supaja nggoné tetanèn paḍa sregep."

Ora suwé wajangé djedjer. Gamelané ditabuh alon-alon lan lirih. Nanging botjah-botjah paḍa ora seneng. Malah ana sing ngantuk, kebandjur turu. Bareng metu Semar, Garèng lan Pétruk, paḍa banjolan, botjah-botjah paḍa seneng. Luwih-luwih bareng perangé Raden Sedana karo buta. Waḍuh raméné. Botjah-botjah ora ana sing ngantuk.

Sing paḍa digeguju perangé buta Térong dikrubut Garèng karo Pétruk. Tjelaṭuné Pétruk: „Kang Gareng. Buta iki jèn

mrono bidjigen. Mengko jèn mréné tak tjekelé irungé."

„Ija adja kuwatir."

Buta Térong mangsuli: „Ola wedi, jèn mung diklubut lolo. Wong kowé kaja gèntèl. Sidjiné kaja klungsu."

Bandjur perang.

Suwé-suwé buta Tèrong mati. Wong irungé diuntir Pétruk. Sikilé didjégal Garèng.

Buta-buta kalah kabèh, perang karo Raden Sedana.

Watara djam rolas bengi, Kuntjung digolèki bapakné arep diadjak mulih. Ketemu ana ing ndjaba lagi tuku lotis karo tjao.

„Ajo Tjung, mulih. Sésuk mundak karipan. Wong iku jèn kurang turu rasané lungkrah."

Kuntjung karo pabakné nuli mulih.

25. Kuntjung lara weteng.

Kuntjung krasa lara wetengé. Mripaté krasa ngantuk.

Nanging ora bisa turu kepénak. Angger lagi mak ser, wetengé krasa mules, mlilit. Gombloh isih turu nglempus. Bareng ésuk Kuntjung nangis karo sambat: „Mbok, wetengku lara. Aḍuh mbok, wetengku lara."

Mbokné gugup. Anaké ditlusur wetengé. Kuntjung mung bengak-bengok, sambat lara.

Bapakné takon: „Kowé ḍèk mau apa kakéhan djadjan?"

Kuntjung mangsuli karo nangis: „Aku kakéhan rudjak, petjel karo tjao."

Bapakné mung meneng baé. Mbokné Kuntjung bandjur lunga golék tamba. Ulihé wis nggawa tamba. Bandjur diombèkaké si Kuntjung.



Kuntjung bisa turu kapénak. Ora pidjer sambat waé. Nglilir-nglilir bareng wis awan. Wong ḍasar karipan.

Bawuk marani kakangné: „Kang, wetengmu apa isih lara?"

„Wah, ja isih. Nanging wis suda."

„Entèk rudjak pirang wungkus ta, kang?"

„Hus, ja akèh. Ṭik ngétjé."

„Aku ora mangan rudjak. Wetengku ora lara."

Kuntjung ésuké ora bisa mlebu sekolah. Wetengé isih lara. Nganti pirang-pirang dina, Kuntjung olèhé lara weteng.

Kuntjung wis kepénak. Nanging ija durung mlebu sekolah. Awaké kuru, rainé putjet. Linggih tjeḍak bapakné. Bapakné nuturi:

„Tjung, adja manèh-manèh kakèhan djadjan. Apa manèh bengi-bengi kowé tuku tjao. Wetengmu anjep. Kakèhan mangan kang peḍes-peḍes iku uga ora betjik."

Kuntjung ora mangsuli, mung manṭuk baé. Wis rumangsa luput. Bareng wis mari babar pisan, Kuntjung sekolah manèh.

26. Kéwan tjilik, nanging kesité ora djamak.

Kuntjung lagi sinau, pidjer ana kéwan tjilik mabur ana ngarepé. Terkaḍang méntjok ana ing rainé. Digusah, mabur méntjok ana ing gunḍulé. Kuntjung anjel atiné.

„Elo, nggregetaké temen ta iki, djebul laler."

Bawuk njambungi tjelaṭuné kakangné saka kadohan: „Kang, takkira kowé ora adus, ketara dirubung laler."



„É, Bawuk ngétjé. Aku wis adus djaré. Laler iki rak arep mèlu sinau."

Kuntjung kanḍa karo bapakné: „Pak, pak. Guruku ḍèk wingi mentas tjrita bab laler. Wah aku ja rada isin. Wong bandjur nganḍakaké bab djadjanan."

Bapakné mangsuli: „Mangka kowé mentas lara, kakéhan djadjanan."

Kuntjung mung ngguju baé.

Sarinah takon aḍiné: „Tjung, pijé ta tjritané laler kuwi? Wong laler waé ana apané ta?"

„O, pijé ta ju. Taktjritani ja. Laler kuwi sabané ana kakus. Ana pawuhan. Wah ta wis. Manggon ana ing panggonan

sing reged-reged. La sikilé laler iku kaja ana wuluné. Dadi jèn mentas méntjok panggonan kang djember-djember, sikilé katutan rereged."

„Gupak rereged?"

„La ija. Laler bandjur mabur. Bur. Méntjok ana ing panganan. Tjok. Hara ju, panganané gupak apa?"

„Ja mesṭi gupak rereged."

„Bener. Panganané bandjur ko-emplok. Legender. Hara ju, kowé katutan apa?"

„Hus. Botjah ora genah. Mesṭine ja katutan rereged. La kowé apa ija ora katutan?"

Kuntjung karo bapakné paḍa ngguju.

Bawuk nalika iku lagi nulis. Irungé diéntjoki laler. Bandjur ditamplèk karo tjelaṭu: „Ajo lunga. Mengkon géntjoki lambéku."

Kuntjung tjelaṭu: „Kanḍané guruku, betjiké barang sing arep dipangan, ditutupi. Bisaa adja nganti dirubung laler. Keḍatoné laler kudu diresiki. Laler kuwi sok nggawa lelara rupa-rupa."

Bapakné mangsuli: „Mangka dodolan kaé, sok ora ditutupi."

Kuntjung tengah-tengahé omong karo bapakné, ndjenggirat karo alok: „Kaé swarané apa?"

27. Dajoh pirang-pirang.

Ḍrèng, ḍrèng, ḍrèng. Ḍrèng, ḍrèng, ḍrèng.

Kuntjung mlaju karo mbengok:

„Ndeleng pradjurit baris."



Bawuk mlaju nututi kakangné karo undang-undang: „Aku mèlu kang, entènana."

Kuntjung karo Bawuk paḍa nonton.

Sing ditonton mau panḍu. Penganggoné klambi kuning

tuwa. Kaṭoké ireng. Ḍasiné abang. Nganggo topi pring. Nganggo sepatu.

Panḍu-panḍu mau dirubung botjah akèh. Kuntjung karo Bawuk wis tau weruh. Ḍèk ndeleng pasar malem.

Kuntjung tjelaṭu marang Bawuk: „Wuk. La kuwi tunggalé sing nulungi kowé, ḍèk ana pasar malem kaé."

Bawuk isih kélingan, tjelaṭuné: „O, ija kang. Ḍèk aku pisah karo simbok kaé."

Panḍu-panḍu paḍa tata-tata ngedegaké omah-omahan moṭa. Kèhé ana nem enggon. Ana sing golèk kaju. Ana sing pasang gendéra.

Kuntjung nawani kaju marang panḍu: „Punapa pandjenengan kresa kula tjaosi kadjeng obong? Panggènan kula kaṭah."

Panḍu mangsuli: „Arep banget lé."

Kuntjung bandjur mulih ndjupuk kaju. Baliné wis nggawa kaju obong sabongkok. Arep dibajar regané, Kuntjung ora gelem.

Omah-omahané wis dadi, kétok asri. Pating peṭuṭuk. Direngga gendéra.

Kuntjung sakantjané paḍa ndeleng para panḍu olèhé paḍa olah-olah.

Kuntjung ndjawil kantjané: „É, botjah lanang kok baud olah-olah. La aku iki bisaku kok mung mangan."

Kuntjung karo Bawuk paḍa mulih.

Benginé Kuntjung ndeleng manéh karo Gombloh.

Panḍu-panḍu mau paḍa obong-obong. Geniné paḍa dikepung. Mulané bener Gombloh. Nggoné ngarani panḍuné lagi api-api.

Karo gegeni, pandu mau pada lelutjon. Ana sing menjanji. Ana sing ura-ura.

28. Tutugé.

Kuntjung karo Gombloh ora bisa menjanji. Jèn ura-ura utawa nembang baud.

Wong-wong lan botjah-botjah akèh sing ndeleng. Sabubaré gegeni, pandu-pandu mau pada mapan turu. Saben omah ana sing djaga. Wong-wong kang ndeleng ija pada mulih.

Tekan ngomah Kuntjung ora tjrita apa-apa. Mripaté wis ngantuk.

Ésuké pandu mau ana sing blandja menjang pasar. Tuku



témpé, iwak, bumbu, beras lan lija-lijané. Kabèh bakal diolah dèwé. Awit pandu ora kena djadjan. Ana sing ngangsu, kanggo ngasahi piring, tjangkir.

Wong-wong pasar, akèh sing gumun ndeleng panḍu. Ana sing ngarani pradjurit tjilik.

Dina iku pinudju libur. Dadi Kuntjung bisa ndeleng panḍu sawaregé. Kebeneran, lagi diadjar baris. Sing ngadjar ija panḍu sing wis gẹḍé. Nggoné ngabani tjara Indonésia:

„Bersi-ap."

Panḍu-panḍu mau bandjur ngadeg djedjeg, baris. Anteng, ora ana swarané.

Kuntjung gumun, botjah semono kéhé, awaké kétok waras, tur gagah. Kuntjung ndjawil kantjané, sing ngadeg tjẹḍak kono: „O, mbok kantjaku bisa kaja ngono. Lagi dikon djèdjér baé, mesṭi ramé."

Barisé ja rada dawa. Sing ngarep ḍéwé nggawa gendéra. Bandjur panḍu sing nambur, lan sing njlomprèt.

Bareng wis rampung, bandjur diabani:

„Berdja-lan."

Tamburé diunèkaké: Ḍrèng, ḍrèng, ḍrèng.



Pandu-pandu pada mlaku. Swarané sepatuné: brek-brek, brek-brek. Diabani: „Satu, dua, satu, dua."

Djangkahé adjeg, ora ana sing aras-arasen.

Kuntjung karo kantja-kantjané pada ngetutaké.

Ésuké pandu-pandu mau pada mulih.

Gombloh étok-étok dadi pandu. Kuntjung sing ngabani: „Bersiap."

Gombloh bandjur ngadeg. Kuntjung marani Gombloh karo ndjodjoh wetengé.

„Wetengmu adja koplentokaké."

Gombloh sambat: „ato," karo mlaju. Isin digeguju bapakné Kuntjung.

29. Kuntjung dipotrèt.

Mulih sekolah Kuntjung nggolèki mbokné. Mlebu pawon, weruh mbakjuné lagi marut krambil.

Kuntjung takon: „Ju, ju, simbok ana ngendi?"

MBakjuné mangsuli: „Lagi réwang ana nggoné gebajané. Iki lo, Tjung, jèn kowé arep mangan. Wungkusan kuwi botok."

Kuntjung meneng baé. Semuné rada gela. Sabak lan pirantiné sekolah disinggahaké.

Sarinah gumun, déné Kuntjung mulih sekolah kok ora énggal-énggal ndjaluk mangan.

„Ana apa ta, Tjung, kowé kuwi?"

„Ju, ju, pak guru mau ngendika, jèn sésuk botjah-botjah didawuhi dandan sing apik, arep dipotrèt.

Jèn wis dadi, éntuk tuku, regané serupijah."

Bawuk njela-njela: „Kowé apa ja arep tuku, kang?"



Lagi paḍa omong-omongan, mbokné teka. Kuntjung ora sranta. MBokné dipeṭukaké lan dikanḍani, jèn sésuk arep dipotrèt.

Esuké ana ing sekolahan, botjah-botjah diwulang mung usreg baé. Kabèh paḍa ngarep-ngarep tekané tukang potrèt. Ora antara suwé, pak guru ngendika: „Botjah-botjah, wis saiki sabakmu singgahna. Ajo paḍa metu, tukangé potrèt wis teka."

Botjah-botjah ditata ana ing plataran. Pak guru lenggah ana ing tengahé botjah-botjah.

Tukang potrèt njepakaké pirantiné kanggo motrèt. Bareng botjah-botjah wis temata apik, dikon meneng lan ndeleng pirantiné motret mau.

Tukang potrèt ngétungi: „Sidji, loro, telu ....."
„Tik." Anggoné potrèt wis rampung. Botjah-botjah dikon mlebu ing kelas manèh.

Tekan ngomah Kuntjung ngetjibris tjrita bab anggoné potrèt.

Let limang dina, Kuntjung sekolah digawani ḍuwit serupijah kanggo tuku potrèté.

Ana ing potrèt, Kuntjung katon tjeṭa, ngadeg tjeḍak pak guru.

Bawuk seneng banget ndeleng potrèté kakangné.

„Iki sapa, kang, sing lagi ngguju?"

„La kuwi rak si Sugija kaé ta, Wuk. La iki kantjaku tunggal sabangku."

Djenengé kantjané kabèh, sidji-sidji dikanḍakaké marang Bawuk.

30. Akéh wong paḍa bungah-bungah lan dandan.

Dina prepegan, jaiku kurang sadina saka bakda, pasaré ramé banget. Akèh wong tetuku panganan, sanḍangan.

Pasar ing Pédan ija akèh wong dodolan. Embokné Kuntjung karo Sarinah ija paḍa menjang pasar. Kuntjung karo Bawuk kèri ana ngomah. Arep mèlu menjang pasar, bapakné ora awèh. Munḍak diesuk-esuk wong akèh. Mengko arep di-olèh-olèhi waé.

Bareng wis rampung olèhé blandja, embokné Kuntjung lan Sarinah paḍa mulih. Kuntjung lan Bawuk diolèh-olèhi djadjan wungkusan.



Ora let suwé Sarinah karo embokné bandjur olah-olah.

Bawuk diundang mbokné: „Wuk, Wuk, mréné, tjah aju. Simbok réwangana."

„Ija, mbok; mengko disik. Aku tak ngentèkaké pangananku."

Kuntjung menging adiné: „Wuk, adja gelem. Ajo dolan waé."

Embokné krungu tjelatuné Kuntjung, bandjur njentak: „E, é, é. Adiné diadjani dolan. Ajo, kowé ngréwangi Gombloh kana. Gawé kupat. Adja dolan waé."

Bawuk ora kanda apa-apa, mung mèsem karo marani mbokné. Kuntjung diundang Gombloh: „Réné, Tjung. Aku réwangana gawé kupat."

Malem bakda, kupat lan lawuhané wis mateng. Omahé Kuntjung dijané disumed kabèh. Malah ing ngarepan, ija didokoki ting loro, gawéané Gombloh. Sidji mèmper kendang. Sidjiné kaja kodok. Dadi wuwuh padangé lan asri.

Suwarané mretjon bumbung nalika iku ramé banget.

Kuntjung diundang kantjané: „Tjung, ajo, ngunèkaké mretjon bumbung."

Kuntjung ora gelem. Wangsulané: „Emoh; lagi mangan kupat."

Bawuk mèlu-mèlu njambungi: „Emoh, mundak kedjeblosan."

Esuké bakda deng, bapakné Kuntjung saanak-bodjoné pada dandan. Gombloh ija dandan. Iketé, djariké, klambiné, kabèh anjar.

PERPUSTAKAA
3/